

Nan epòk san parèy sa yo , fanmi yo gen dwa pa okouran gen pi gwo risk ki ap tann pitit yo sou entènèt.
FBI la pibliye yon deklarasyon ki avèti ke pandan tan sa kote timoun nou yo de plizanplis preznan “sou entènèt”, ke delenkan yo ap pwofite de sitiyasyon sa a. Delenkan yo itilize tout fòm komunikasyon sou entènèt - tchat sou platfòm entènèt ak aplikasyon medya sosyo yo - pou enstale yo non sèlman lakay nou, men kareman nan men timoun nou yo. Sa ogmante risk pou eksplwatasyon seksyèl, presyon atravè sèkstòsyon, ak ankourajman pou yo patisiye nan aktivite seksyèl alòs ke ou panse timoun la an sekrite lakay ou.


<https://www.fbi.gov/news/pressrel/press-releases/school-closings-due-to-covid-19-present-potential-for-increased-risk-of-child-exploitation>

“Eksplwatasyon seksyèl sou entènèt vini sou plizyè fòm. Delenkan yo ka eseje fòse viktim yo voye foto oswa video yo gen kontni seksyèl sou tèt yo, anba menas pou yo poste imaj sa yo oswa voye yo bay zanmi ak fanmi viktim yo”, dapre rapò FBI la.

Dapre FBI, sèkstòsyon se yon zak grav ki rive lè yon moun menase pou distribye materyèl prive ak sansib ou si ou pa ba yo imaj seksyèl, favè seksyèl, oswa lajan <https://www.fbi.gov/file-repository/sextortion-brochure.pdf/view>

“Paran ki edike yo ka defann tèt yo epi goumen kont rekritman posib ak rekritman jèn yo sou entènèt,” te di Dr Celia Williamson. “Paran ki fe efò pou etabli bon relasyon, ki chita sou konfyans ak komunikasyon gen plis chans pou jèn yo pataje enfòmasyon sou kote yo ale epi ak ki moun yo pale sou entènèt.”

(Pwofesé UT professor travay sosyal ak direktè Enstiti kont Trafik Moun ak Jistis Sosyal UT.)



APLIKASYON MEDYA SOSYAL TIMOUN YO ITILIZE

Aplikasyon medya sosyal yo ap chanje tout tan. Malgre ke piòf nan yo reklame pou patisipan yo gen omwen 13 zan, timoun piti yo kapab kontoune egzijans sa a, epi pa gen anpil ki verifye laj. **Lis sa a pa konplè epi li rekòmande pou paran yo konsilte aplikasyon pitit yo regilyèman.**



Facebook - <https://www.facebook.com>

Timoun yo riske pou yo rankontre epi kominike ak moun yo pa konnen.



Instagram - <https://www.instagram.com>

Endividji kapab pirate foto sansib timoun yo, timoun yo ka sibi entimidasyon epi wè kontni ki pa apwopriye ak jwenn aksè ak lòt aplikasyon ki pa apwopriye pou laj yo.



Kik - <https://www.kik.com>

Patisipan yo pa oblige idantifye tèt yo, gen posibilité pou fè kontak ak mesaj dirèk ak nenpòt moun, aksè a san limit pou nenpòt moun.



SnapChat - <https://www.snapchat.com>

Risk pou konfidansyalite ou ak sekrite enfòmasyon ou, mesaj yo ka kopye dirèkteman sou ekran a.



TikTok - <https://www.tiktok.com>

Pa gen verifikasiyon laj, oswa pou verifye ke langaj ak kontni ki pa apwopriye, tout mesaj yo pubblik; fidbak yo ka negatif epi pale espesifikman sou kò moun.



Twitter - <https://twitter.com>

Tweets yo estoke epi yo pa pe janm efase.



WhatsApp - <https://www.whatsapp.com>

Timoun yo ka ekspoze ak konteni ki pa opwoprye epi ki sekrè, nenpòt moun ka pale ak yo oswa entimide yo sou entènèt.



YouTube - <https://www.youtube.com>

Ka jwenn aksè ak kontni ki pa apwopriye.

Pou jwenn enfòmasyon anplis sou kijan pwoteje timoun ak fanmi, vizite:


<https://childrescuecoalition.org/education/>

Si ou pa ka li dokiman an, tanpri kontakte PBSO nan 561-688-3080 pou mande yon lòt fòma.

PBSO #0203CR Rev. 05/22



EKSPLWATASYON SEKSYÈLI TRAFIK SEKSYÈL



**Biwo Cherif Konte Palm Beach
Ric L. Bradshaw, Sheriff**

KIJAN YO RIVE TWONPE VIKTIM LA?

Timoun yo konnen kijan pou kominike atravè rezo sosyal yo. Yo renmen fè foto tèt yo "selfie" epi montre tèt yo. Si yo gen pwoblèm lakay yo, yo ka pale sou pwoblèm sa yo ouvètman. Lè yo tris oswa yo pa santi yo ansekirite, yo poste li tou sou medya sosyal yo. Yo chèche afimasyon ak akseptasyon nan men kamarad yo, yo pa reyalize ke yo ka atire yon odyans diferan. Yo ta ka eseye jwenn lanmou oswa am sè yo oswa tou yon moun ki konprann yo epi fè yo santi yo pi byen ak tèt yo.



Delenkan an pwofite vilnerabilite sa a. Si timoun nan pou kont li, delenkan an fè l santi l valorize epi espesyal. Si timoun nan pa santi l an sekirite, abizè a di l jan li bèl. Yo ka twonpe timoun nan oswa oblige li voye foto oswa tèks epi li ka menm dakò rankontre endividia a an pèsòn. Yon fwa sa rive, delenkan an ka sèvi ak kontrent ak menas pou kenbe timoun nan prizonye.

"I Mwen wè li anpil. Nan prèske tout sitiyasyon trafik mwen wè ki ap dewoule, gen yon eleman medya sosyal, kit se yon moun ke yo te rekrete oswa yo ap fè reklam pou li.
Lauren Hersh, direktè politik anti-trafik ak defans nan Sanktyè pou Fanmi yo.
(Kwonik M-A, 2 avril 2017)

KIJAN DELENKAN A AJI?

Delenkan an ka kreye fo pwofil lè l sèvi avèk yon fo idantite oswa li rete konplètman anonim lè li sèvi ak aplikasyon medya sosyal epi ak platfòm. Sou kèk aplikasyon, mesaj prive disponib epi mesaj yo ka disparèt apre yon tan. Yon etid ki menen nan lane 2018 te jwenn ke 55% nan timoun ki poko gen 18tan ki sivivan trafik seksyèl domestik epi ki te viktim apati lane 2015 rapòte ke yo te rankontre trafikè yo pou premye fwa lè yo te sèvi avèk yon aplikasyon tèks, yon sit entènèt oswa yon aplikasyon mobil. (Pèsepsyón Sivivan : Wol Teknoloji nan Trafik Seksyèl Domestik THORN an kolaborasyon ak Doktè Vanessa Bouché, Asistan Pwofesè, Depatman Syans Politik, Texas Christian University).

Delenkan an ennève epi desespere viktим li yo, li chèche mesaj ki gen rapò ak moun ki dejwe nan dwòg, ensidan timoun ki kouri kite lakay yo epi ki gen yon lavi fanmi ki enstab. Yo ka menm sèvi ak yon senp astis pretann yo se yon moun kap chèche yon relasyon. Yon fwa ke timoun nan branche, yo pwomèt yo pral pran swen li ak chanje lavi li. Yo di li li bèl; yo pwomèt pou pwoteje'l. Yo ka menm pwomèt ke yo renmen timoun nan. Yo ka ofri'l yon opòtinite pou li vin modèl oswa fè lòt karyè selèb, bay li kado, oswa ofri lòt sèvis, tankou fè cheve ak zong. Yo tabli koneksyon pèsonèl la sou pandan yon sèten tan, ki pèmèt yo vire lide timoun la epi fòse li oswa manipile li pou li vin travay pou yo.

Apre pwosesis kondisyonman la fini, delenkan an ka konven viktim nan voye foto ki riske epi sèvi ak foto yo pou ekstòke viktim nan. Poutèt li menase li ak reprezay, otè a fòse viktim nan.



KISA SA VLE DI POU PARAN AK FANMI YO?

Enfòme w lè w familyarize w ak aplikasyon epi platfòm medya sosyal tankou **Instagram**, **Snapchat**, **Twitter**, **Facebook**, and **TikTok**.

Aprann pitit ou yo ke se pa tout moun sou entènèt ki gen bon entansyon. Sa a se yon lesson difisil pou timoun yo aprann, sitou lè yo panse yo ka kontwòle tout bagay.

Asire w ke tout kont medya sosyal yo defini kòm prive, enklian pa w la. Sa a pèmèt yon kouch defans pou timoun ki an kontak ak moun ki ka fè yo ditò.

Mete jjiman w ak blam ou sou kote poutèt ou ka tou konnen gen anpil chans ke pitit ou a te viktim blòf nan relasyon sa a. Yo bezwen sipò w kounye a. Yo ka santi yo jennen ak blese pa sa ki te pase oswa yo ka nan refi epi yo pa vle aksepte li.

Timoun yo ka pa konnen si yo panse yo pral pini oswa si w ap fache sou yo. Yo ka pè tou ke ou pral wete aparèy yo nan men yo kòm yon pinisyon. Li ta ka sanble yon solisyon, men li pa pral anpeche timoun yo jwenn yon fason yo konekte sou entènèt.

Sa ki pi enpòtan, di pitit ou yo ke yo ka ale jwenn ou menm oswa yon lòt adilt yo gen konfyans si yo bezwen èd.

Kontakte Biwo Cherif Konte Palm Beach la nan **561-688-3400** si ou sisipèk gen aktivite sisipèk sou entènèt.

Pou rapòte yon zak eksplwatasyon seksyèl sou timoun sou entènèt, **rele 911** oswa ale nan <https://report.cybertip.org>